

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data tina panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 203). Éta hal saluyu jeung pamadegan (Sugiyono, 2012, kc. 3) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara panalungtik dina ngumpulkeun data. Cindekna mah méthode panalungtikan nyaéta hiji cara anu digunakeun ku panalungtik dina prosés ngaberéskeun masalah panalungtikan.

Méthode anu digunakeun dina nyusun ieu skripsi nyaéta méthode déskriptif. Nurutkeun (Ratna, 2015, kc. 53) méthode déskriptif mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta carita jeung unsur psikologi tokoh anu aya dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. Méthode déskriptif téh mangrupa cara medar pasualan-pasualan faktual anu satuluyna bakal dianalisis sacara teleb.

#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) *desain* panalungtikan nyaéta rarancang anu rék dilakukeun dina prosés panalungtikan. *Désain* ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

### 3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.3.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta anu patali jeung struktural ogé unsur psikologi tokoh nu aya dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. Dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngaguar unsur intrininsik nu ngawengku téma, fakta carita (alur, palaku jeung watek, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa, jeung amanat).


Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara anu digunakeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 136). Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta métode ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, digunakeun ku cara ngumpulkeun data pikeun nganalisis kalawan ngagunakeun cara nalaah pustaka sangkan bisa neuleuman tiori-tiori anu patali jeung nu rék ditalungtik.

#### 3.3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data nyaéta subjék ti mana éta data bisa dicangking. Luyu jeung éta pedaran, dina ieu panalungtikan sumber datana mangrupa dokuméntasi tinulis dina wangun novél anu judulna *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. Aya ogé sumber data buku-buku matéri jeung jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

##### 3.3.2.1 Idéntitas Buku

Judul : Rusiah Stola Bungur  
 Pangarang : Ati S.  
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama  
 Taun Medal : 2021  
 Jumlah Kaca : 112 Kaca



Gambar 3.1  
Sampul Novél

### 3.3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. mangrupa karya sastra Sunda dina wangun novél anu medal bulan April taun 2021. Novél anu diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama citakan ka-1 ieu téh mimitina dimuat dina *Manglé* No. 1390 édisi 18 Februari taun 1993. Tuluy éta novél teh dirékoméndasikeun ku Ajip Rosidi sangkan diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama jadi novél dina wangun buku. Informasi ngeunaan pangarang Ati S. minim pisan dicangkingna, aya informasi ti pupuhu PATREM Chye Retty Isnendes, nu meunang informasi ti Pembina PATREM nyaéta Tetti Hodijah, ping 21 Maret taun 2022, Jam 18.05 WIB. Ati S. nyaéta salasihiji pangarang Sunda taun 90-an anu karanganana mindeng midang dina majalah *Manglé*. Ari dedeganana cenah rada montok jeung rambutna galing.

Lian ti anu geus diébréhkeun saméméhna, aya asumsi séjén ti Pupuhu PATREM nyaéta Chye Retty Isnendes, ping 4 Agustus taun 2022, Jam 14.40 WIB. Ati S. téh sapertina pangarang lalaki anu ngagunakeun sadiasna wanoja. Lantaran ditilik tina gaya nyarita anu digunakeun boh ngaran tokoh boh eusi caritana anu ngeunaan detéktif, ieu hal teh museur ka salasihiji pangarang Sunda nyaéta (alm.) Duduh Durahman. Éta hal nilik kana gaya nyarita Duduh Durahman anu memang sok nyieun karangan detéktif. Sajaba ti éta, tina naon anu geus diasumsikeun tur diébréhkeun sacara singget ngeunaan Ati S., Ieu pangarang téh can kapaluruh potrét dirina tur teu dipikanyaho ogé saha sabenerna.

## 3.4 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téhnik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara anu digunakeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 136). Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta métode ngumpulkeun data ku cara

néangan informasi dina buku, digunakeun ku cara ngumpulkeun data pikeun nganalisis kalawan ngagunakeun cara nalaah pustaka sangkan bisa neuleuman tiori-tiori anu patali jeung nu rék ditalungtik.

### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, tuluy diolah maké téhnik déskriptif analitik pikeun meunangkeun jawaban tina masalah anu keur ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) téhnik ngolah data nyaéta hasil analisis data anu dicangking ku cara ngagunakeun aturan anu saluyu jeung pamarekan panalungtikan anu dipaké. Sumber data anu dianalisis nyaéta analisis struktur novél *Rusiah Stola Bungur* jeung analisis unsur psikologi tokoh anu aya dina novél. Ieu panalungtikan ngagunakeun tiori strukturalisme jeung psikologi sastra.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data dipedar saperti ieu dihandap.

#### 1) Nganalisis Unsur Carita Novél *Rusiah Stola Bungur*

Ieu analisis téh maké tiori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- a) téma dina novél *Rusiah Stola Bungur*;
- b) fakta carita dina novél *Rusiah Stola Bungur* (galur, palaku jeung watek atawa penokohan, jeung latar); jeung
- c) sarana carita novél *Rusiah Stola Bungur* (judul, puseur implengan atawa *point of view*, jeung gaya basa).

#### 2) Nganalisis Unsur Kapribadian Palaku Novél *Rusiah Stola Bungur*

Analisis anu satuluyna dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur kapribadian tokoh dina novél *Rusiah Stola Bungur* anu maké tiori Sigmund Freud. Dina ieu tiori sacara gurat badag kapribadian téh dibagi jadi tilu nyaéta;

- a) *id*;
- b) *ego*; jeung
- c) *super ego*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun (Siswanto, 2010, kc. 73) instrumén mangrupa alat anu digunakeun pikeun nyangkin data. Sacara umum anu bisa digunakeun nyaéta *teks*, *interview*, atawa *angket*. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta

tabél talaah dokuméntasi jeung kartu data. Kartu data anu dipaké mangrupa sempalan carita atawa kalimah anu nuduhkeun kana struktur carita jeung unsur psikologi sastra anu nyampak dina novél *Rusiah Stola Bungur*.

### 3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun cutatan nu aya dina novél *Rusiah Stola Bungur*, anu patali jeung struktur carita sarta psikoanalisis. Nurutkeun (Sugiyono, 2012, kc. 224-225) ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku sababaraha sumber, jeung carana. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka.

#### 1) Struktur Carita dina Novél *Rusiah Stola Bungur*

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngumpulkeun data struktur carita, anu ngawengku téma, galur, palaku, latar, judul, puseur implengan, jeung gaya basa.

Tabél 3.1  
Struktur (Cutatan Téma)

No	Téma	Cutatan	Kode Data (N/E/KU/KC)
1.	Surat keur Rizal jeung Balikna Irwan ka Lembur	“... Salapan taun teu panggih. Malah geus tara kaimpi-impian. ari mangkukna, puncengis datang suratna, Heueuh, éta mah asa ngimpi!”  “... Zal ayeuna saya balik ka lembur, sanggeus tujuh taun ngemu kakangen! Kangen ka Oom Buldan, Mamih Sully, Ma Épon, Bah Undi deuih..! Ah loba pisan nu hayang dicaritakeun jeung nu hayang ditanyakeun, salila tujuh taun saya pipisahan jeung maranéhna téh!...”	(RSB/E1/KU1/KC5)  (RSB/E1/KU1/KC6)
2.			

#### Keterangan:

N : Judul Novél  
E : Episode  
KU : Kode Urutan Data  
KC : Kaca

Tabél 3.2  
Struktur Fakta Carita (Galur)

No	Pengaluran	Kode Data (N/E/KU)
1.	Katampana surat ti Irwan ku Rizal ngajak balik ka lembur Irwan	(RSB/E1/KU2)
2.		

**Keterangan:**

N : Judul Novél  
E : Episode  
KU : Kode Urutan Data

Tabél 3.3  
Struktur Fakta Carita (Cutatan Tokoh/Palaku)

No	Palaku	Sipat/Watek	Kode Data	Cutatan	Kapanggih dina Kaca
1.	Rizal	Wijaksana	(E1/KU3/KC8)	“Wan, hirup Jelema nandingkeun lalakon. Bisa baé kamu asa diteungteuingeun ku nasib. Tapi ieu kanyataan.. ! Kamu kan masih kénéh boga Oom Buldan anu sakitu beungharna. Masih boga Mamih Sully, nyaahéun pan ka kamu ogé”.	8
2.					

**Keterangan:**

E : Episode/Bagian/Bab  
KU : Kode Urutan Data  
KC : Kaca

Tabél 3.4  
Struktur Fakta Carita (Latar)

No	Latar	Kode Data (L/E/KU/KC)	Cutatan
1.	Waktu Isuk-isuk	(LW/E3/KU4/KC32)	Kalangkang panonpoé nu karék mélétek
2.			

**Keterangan:**

L (LT/LW/LS): Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)

E : Episode

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.5  
Struktur Sarana Sastra (Judul)

No	Cutatan	Kode Data (N/KU/KC)
1.	“Abdi tiasa nyimpulkeun, prosés pembunuhan ku cara nyékék ngagunakeun barang, sanés ku ramo. Abdi yakin barang nu dianggo nya éta <b>stola bungur</b> nu nembé aya dina lahunan korban”. Omong Rizal ka Oom Buldan .	(RSB/KU5/KC65-66)
2.		

**Keterangan:**

N : Judul Novél

E : Episode

KU : Kode Urutan Data

Tabél 3.6  
Struktur Sarana Sastra (Puseur Implengan)

No	Puseur Implengan	Kode Data (E/KU/KC)	Cutatan
1.	Jalma Katilu	(E4/KU6/KC47)	“Panon Mamih Sully neutaup Rizal jero jeung leleb, bangun hayang ngobét jero-jero dirina. Rizal mikeun imut jeung manggut. Katémbong Mamih Sully nyumputkeun rahuhna, biwirna semu ngarenyu maksudna mah meureun rék males imut”.
2.			

**Keterangan:**

E :Episode  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca

Tabél 3.7  
 Struktur Sarana Sastra (Gaya Basa)

No	Gaya Basa	Kode Data (GB/E/KU/KC)	Cutatan
1.	Rarahulan	(GB/E2/KU6/KC16)	“Sapasang panon nu combrék seukeut neutep beungeutna. Getihna nyiak, nyaksrak sakujur awak. Oom Buldan rikat nuturkeun panenjo pamajikanna..”
2.			

**Keterangan:**

GB : Gaya Basa  
 E : Episode  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca

2) Kapribadian Palaku dina Novél *Rusiah Stola Bungur*

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngumpulkeun data unsur kapribadian palaku, anu ngawengku *id*, *ego*, jeung *super ego*.

Tabél 3.8  
 Data Kapribadian Palaku

No	Kapribadian Palaku	Cutatan	Kapanggih dina Kaca
1.	a) <i>Id</i>	a) Aspék <i>Id</i> Rizal “Saya maké karéta malam! Pokona jam dalapanan, geus nyampé. Teu kudu dijemput lantaran hayang mecak kaludeung di kota Bandung ayeuna, nu cenah geus loba parubahan!”. Omong Rizal.	6
	b) <i>Ego</i>		
	c) <i>Super Ego</i>		

### 3.5.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén dina ngolah data nyaéta ngagunakeun kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

#### 1) Kartu Data Struktur Carita

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngolah data struktur carita, anu ngawengku téma, galur, palaku, latar, judul, puseur implengan, jeung gaya basa.

Kode Data	: RSB/E1/KU1/KC5
Téma	: Surat keur Rizal jeung Balikna Irwan ka Lembur
Cutatan Carita	: "... Salapan taun teu panggih. Malah geus tara kaimpi-impian. ari mangkukna, puncengis datang suratna, Heueuh, éta mah asa ngimpi!". "... Zal ayeuna saya balik ka lembur, sanggeus tujuh taun ngemu kakangen! Kangen ka Oom Buldan, Mamih Sully, Ma Épon, Bah Undi deuih..! Ah loba pisan nu hayang dicaritakeun jeung nu hayang ditanyakeun, salila tujuh taun saya pipisahan jeung maranéhna téh!..."
Analisis:	Éta di luhur téh mangrupa bubuka jeung katerangan tina sabagian eusi surat ti Irwan. Sabada ti dinya Irwan kacaritakeun datang ka imah Rizal. Sapeuting Irwan di imah Rizal, bari nyaritakeun ngeunaan pasipatanna ayeuna sarta jero-jerona hubungan Irwan jeung kulawargana.

Gambar 3.2  
Conto Kartu Data Téma

Kode Data	: RSB/E1/KU2
Struktur Carita	: Galur
Bagian	: Timbulna Konflik
Cutatan Carita	: "Duka! Da Ndén téh nembé mulih, malih ngelol heula ka dieu gé ka Ema. Dongkap ka kamar kadangu ku Ema téh jug ngajerit. Ema téh reuwas sajongjongan mah. Ari dibujeng, nyampak Mamih nembé pisan kaluar, sumuhun ti kamar Ndén Héрни!" ceuk Bi Épon.
Analisis:	Kajadian ieu katitén waktu Mamih Sully nembongkeun rasa timburuna ka Héрни. Tuluy aya kajadian Héрни pingsan lantaran nempo Mamih Sully aya di kamarna padahal kamar Héрни téh di konci.

Gambar 3.3  
Conto Kartu Data Galur

Kode Data	: E1/KU3/KC8
Palaku/Watek	: Rizal/Wijaksana
Cutatan Carita	:
	“Wan, hirup Jelema nandingkeun lalakon. Bisa Baé kamu asa diteungteuingeun ku nasib. Tapi ieu kanyataan.. ! Kamu kan masih kénéh boga Oom Buldan anu sakitu beungharna. Masih boga Mamih Sully, nyaahen pan ka kamu ogé”.
Analisis:	
	Di luhur mangrupa sempalan dialog Rizal ka Irwan anu ngagambarkeun Rizal téh miboga pamikiran anu wijaksana. Éta kajadian téh kagambar dina bagian Irwan keru curhat ka Rizal ngeunaan hal anu dirasa ku manéhna.

Gambar 3.4  
Conto Kartu Data Palaku

Kode Data	: LT/E5/KU4/KC55
Latar	: Di Kamar Mamih Sully
Cutatan Carita	:
	“... sora Oom Buldan kaciri rada diteken. Tapi masih écés kadéngé ku Rizal, nu kaparengan rék ngaliwat ka lebah kamar Mamih Sully nu pantona rada mélingé...”.
Analisis	
	Di luhur mangrupa sempalan dialog anu nuduhkeun latar tempat dina eusi carita. Éta kajadian téh kagambar dina bagian Oom Buldan ngambek ka Mamih Sully.

Gambar 3.5  
Conto Kartu Data Latar

Kode Data	: RSB/KU5/KC65-66
Struktur Carita	: Judul
Cutatan Carita	:
	“Abdi tiasa nyimpulkeun, prosés pembunuhan ku cara nyékék ngagunakeun barang, sanés ku ramo. Abdi yakin barang nu dianggo nya éta stola bungur nu nembé aya dina lahanan korban”. Omong Rizal ka Oom Buldan .
Analisis:	
	Dina cutatan-cutatan di luhur katitén yén stola bungur téh miboga rusiah disatukangeunana.

Gambar 3. 6  
Conto Kartu Data Judul

Kode Data	: E4/KU6/KC47
Puseur Implengan	: Puseur Implengan/Jalma Katilu
Cutatan Carita	:
<p>“Panon Mamih Sully neutep Rizal jero jeung leleb, bangun hayang ngobét jero-jero dirina. Rizal mikeun imut jeung manggut. Katémbong Mamih Sully nyumputkeun rahuhna, biwirna semu ngarenyu maksudna mah meureun rék males imut”.</p>	
<p>Analisis:</p> <p>Dina cutatan di luhur Pangarang ngagambarkeun sakabéh karakter nu aya dina novél sarta ngaposisikeun diri salaku jalma katilu. Jalma katilu didieu sagala apal kana unggal kajadian-kajadian nu dilalakon ku palaku-palakuna, sarta teu ngagunakeun gaganti jalma.</p>	

Gambar 3.7  
Conto Kartu Data Puseur Implengan

Kode Data	: GB/E2/KU7/KC16
Struktur Carita	: Gaya Basa
Cutatan Carita	:
<p>“Sapasang panon nu combrék seukeut neutep beungeutna. Getihna nyiak, nyaksrak sakujur awak. Oom Buldan rikat nuturkeun panenjo pamajikanna..”</p>	
<p>Analisis:</p> <p>Di luhur mangrupa cutatan anu nuduhkeun gaya basa dina eusi carita. Éta hal kajadian dina bagian Oom Buldan keur jeung Héрни.</p>	

Gambar 3.8  
Conto Kartu Data Gaya Basa

## 2) Kartu Data Kapribadian Palaku

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngolah data unsur kapribadian anu ngawengku *id*, *ego*, jeung *super ego*.

**Kartu Data *Id***

**(Rizal)**

**Cutatan:** “Saya maké karéta malam! Pokonan jam dalapanan, geus nyampé. Teu kudu dijemput lantaran hayang mecak kaludeung di kota Bandung ayeuna, nu cenah geus loba parubahan!”. Omong Rizal.

**(Kaca 6)**

**Analisis:** Dina cutatan di luhur mangrupa aspék *id* anu aya dina diri Rizal lantaran hayang nyumponan kabagjaan atawa kahayang nu aya dina dirina. Ieu kagiatan téh dimimitian naika Rizal nampa surat pangajak ti Irwan sangkan manéhna milu ka lemburna. Inditna Rizal miboga niat pikeun indit maké karéta sangkan rék mecak kaludengna di kota Bandung.

Gambar 3.9  
Conto Kartu Data (*Id*)

**Kartu Data *Ego***

**(Irwan)**

**Cutatan:** “Bojo mah loba di jalan, Zal! Sabab, ari boga pamajikan téh hartina urang kajeret ku résiko jeung rupa-rupa masalah! Hmh, saya geus jenuh ku masalah jeung persoalan” ceuk Irwan bari imut sinis.  
“Lamun kitu, kamu menyalahi kodrat sebagai manusia dan sebagai laki-laki”.  
Omong Rizal

**(Kaca 8)**

**Analisis:** Dina cutatan di luhur mangrupa aspék *ego* anu aya dina diri Irwan lantaran Irwan mikiran dirina sorangan embung aya dina masalah. Ieu kagiatan téh dimimitian waktu Rizal jeung Irwan ngobrol ngeunaan kahirupan jeung hal-hal nu di alaman ku Irwan.

Gambar 3.10  
Conto Kartu Data (*Ego*)

**Kartu Data Super Ego****(Rizal)**

**Cutatan:** “Kieu wé atuh, kanggo sementawis mah berjalan wajar sapertos biasa baé! abdi hoyong ninggali perkembanganana. Upami téa mah ayah al anu di luar kawajaran, nu nyangkut kasalametan Héni, saé urang badantenkeun sareng Oom Buldan. Kitu?” ceuk Rizal.

**(Kaca 39)**

**Analisis:** Dina cutatan di luhur mangrupa aspék *super ego* anu aya dina diri Rizal. Rizal nempo kasieun Héni ka Mamih Sully tapi Rizal teu boga hak jeung langsung nyindekkeun yén Mamih Sully téh siga anu dicaritakeun ku Héni. Ieu kagiatan téh waktu Héni nyarita ka Rizal dina mobil ngeunaan kasieunna ku sikep Mamih Sully.

Gambar 3.11  
Conto Kartu Data (*Super Ego*)